## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴÍ

**Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2021-jıl 16-iyul 410-sanlı «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında» ǵı qararınıń orınlanıwın támiyinlew haqqında**

Jaslardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq, ata-babalarımızdıń bay mánáwiy miyrasın maqtanısh etiw, olardı jáne de bayıtıw ruwxında tárbiyalaw, jámiyette qaraqalpaq tiline bolǵan húrmet-itibar ortalıǵın qáliplestiriw hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2021-iyuldegi 410-sanlı «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde **BUYÍRAMAN:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2021-jıl 16-iyul 410-sanlı «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararı basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.
2. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2021-jıl 16-iyul 410-sanlı «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararınıń 1-qosımshası nenen "2021-2030- jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw koncepciyası»", 2-qosımshası menen "2021-2030 - jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw koncepciyasın 2021-2023-jıllarda ámelge asırıw baǵdarlaması", 3-qosımshası menen "2021-2030- jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriwdiń tiykarǵı baǵdarları", 4-qosımshası menen "Latın jazıwına tiykarlanǵan qaraqalpaq álipbesine basqıshpa-basqısh tolıq ótiwdi támiyinlew boyınsha "Jol kartası" 5-qosımshası menen "Latın jazıwına tiykarlanǵan qaraqalpaq álipbesine basqıshpa-basqısh tolıq ótiwdi támiyinlew boyınsha Isshi toparı tastıyıqlanǵanlıǵı;

Qarardıń 2-bántinde 2030-jılǵa shekem ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıw jılları ushın tayanısh oqıw jobasında qaraqalpaq tili pánin oqıtıw kólemin ámeldegi háptelik 73 saattan 90 saatqa shekem kóbeytiw rejelestirilgenligi;

Qarardıń 3-bánti menen 2022-jıldıń 1-aprel sánesinen baslap test tiykarında basshı kardlardıń mámleketlik tilde rásmiy is júrgiziw dárejesi anıqlanatuǵınlıǵı hám juwapker lawazımlarǵa tayınlanatuǵın shaxslar ushın qaraqalpaq tilin biliw boyınsha dáreje sertifikatları engiziletuǵınlıǵı;

Qarardıń 5-bánti menen Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janında Qaraqalpaq tilin rawajlandırıw fondı shólkemlestirilip, onıń tiykargı wazıypaları belgilengenligi maģlıwmat ushın qabıl etilsin.

**3. Ulıwma orta bilim beriw mákemeleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi (M.Asemetdinov)ne, ministrliktiń metodikalıq xızmet kórsetiw bólimine, Respublikalıq bilimlendiriw orayı ( Q. Jubanov)na:**

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqargı Keńesi Prezidiumınıń 2021-jıl 16- iyul 410-sanlı «Qaraqalpaq tilin jáne de rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw ilajları haqqında»ģı qararınıń 1-qosımshası nenen "2021-2030- jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw koncepciyası»", 2-qosımshası menen "2021-2030 - jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriw koncepciyasın 2021-2023-jıllarda ámelge asırıw baģdarlaması", 3-qosımshası menen "2021-2030- jıllarda qaraqalpaq tilin rawajlandırıw hám til siyasatın jetilistiriwdiń tiykargı baģdarları", 4-qosımshası menen "Latın jazıwına tiykarlanģan qaraqalpaq álipbesine basqıshpa-basqısh tolıq ótiwdi támiyinlew boyınsha "Jol kartası"nda kórsetilgen tapsırmalardıń orınlanıwın támiyinlew;

- Barlıq rayon(qala)lıq XBB baslıqları, ulıwma orta bilim beriw mektepleri muģallimlerine qarardıń mazmunı hám áhmiyetin túsindiriw, qaraqalpaq tili pániniń oqıtılıw sapasın jaqsılawģa hám til tazalıģına erisiw boyınsha tiyisli tártipte jumıs alıp barıw wazıypası tapsırılsın.

**4. Barlıq rayon(qala)lıq XBB baslıqları, Respublikalıq boysınıwdaģı bilimlendiriw mákemeleri direktorlarına:**

Barlıq ulıwma orta bilim beriw mekteplerin jańa oqıw jılına tayarlaw, hárbir ulıwma orta bilim beriw mektebinde til tazalıģın saqlaw boyınsha dúzilgen isshi toparlar tárepinen jumıslar alıp barılıwın, sırtqı jazıwlar, reklama hám daģazalar, bannerlerdi «Mámleketlik til haqqında»ģı Nızam talaplarına say qayta kórip shıģıw tapsırmalarınıń orınlanıwı boyınsha qadaģalaw wazıypaları júklensin.

5. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaģalaw ministrdiń birinshi orınbasarı wazıypasın w. a Q. Bekbaulievqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

**Nókis qalası**
**2021-jıl** 23 - iyul
№ 179